

**1** Pifò fanmi timoun ki nan lekòl FeJ evalye yo ap viv nan povrete oswa nan anpil povrete epi ladan yo gen yon gwoup elèv ki pi divèsiye sou plan sosyoekonomik.

**2** Pousantaj elèv ki pase, abandone ak refè klas yo pi bon nan FeJ pase pousantaj elèv ki nan menm sitiyasyon an nan lekòl "miwa" yo. Nan chak peyi nou fè evalyasyon yo, pousantaj sa gen pou pi piti 4 pwen amplis.

**3** 33% (1/3) elèv nan lekòl FeJ ak lekòl publik "miwa" yo fè kèk ti travay ki pèmèt yo rantre lajan. Pa gen tifi ki kite lekòl FeJ pou (yo) al travay.

**4** Elèv FeJ yo fè mwens vyalans nan relasyon fi ak gason epi yo gen plis kapasite pou evite vyalans sa yo. Ti mesye ki nan FeJ yo pi byen konprann efè abi ka genyen sou lòt moun.

**5** 80% elèv ki diplome nan FeJ yo di yo gen plis opòtinite pou gen yon lavi miyò ke paran yo. Pa egzanp yo gen plis aksè pou yo rive lwen lekòl, pou yo atenn edikasyon siperyè.

**6** Elèv FeJ yo pi byen konprann anviwònman yo epi gen 12 fwa plis kapasite pou yo analize pwoblèm sosyal epi bay yon opinyon ki gen bon jijman sou pwoblèm ki nan anviwònman yo.

**7** FeJ etidye epi konprann konteks chak kote l ap travay, li pataje enkyetid kominote a.

**8** FeJ envite elèv, papa ak manman yo pou yo patisipe nan jesyon sant edikatif yo. Fè edikatè yo patisipe nan jesyon lekòl yo se manman koze a.

**16** Kék eleman enteresan FeJ yo ka fè lòt kote se modèl jesyon ak patisipasyon kominote a, jesyon ansanm ak Leta kòm yon angajman pou edikasyon, efikasite ak transparans nan jesyon ak kalite edikasyon.

FeJ ap chèche ranfòse edikasyon publik nan pataje eksperyans ak konesans li. Gen kék nan eksperyans FeJ lòt enstitisyon gen tan repwodui.

**15** Fòmasyon edikatè yo se yon bagay ki nesesè nan FeJ. Pwofesè sa yo vin tounen ajan chanjman paske yo pataje aprantisaj yo ak eksperyans yo nan lekòl publik yo oswa fowòm kote yo patisipe tou.

**14** Depi gen yon estrateji ki byen defini, byen planifie, FeJ dipoze patisipe nan pwoesisis pledwaye ak lòt antite.



**12** Enfliyans FeJ te enpòtan pou amelyorasyon politik publik yo, soti nan fason kowoperasyon yo te konn fét, rive sou kontribisyon enpòtan nan bagay tankou finansman publik nan edikasyon, edikasyon enklizif pou pran swen moun ki gen andikap, edikasyon moun ki pale 2 lang (bileng) epi sansibilizasyon pou moun valorize edikasyon, fòmasyon, elatriye

**11** FeJ bay elèv, paran ak lòt manm kominote a fòmasyon, selon bezwen yo, pou yo ka ranfòse rapò youn gen ak lòt nan vwazinaj yo.

**10** FeJ jwe yon wòl desizif nan facilite pi bon sèvis publik nan anviwònman li.

**9** Lekòl FeJ yo se espas ki bay garanti pou aktivite kiltirèl, elatriye.



Evalyasyon enpak entèvansyon edikatif nan lekòl primè ak segondè FeJ genyen nan Bolivi, Kolonbi, Gwatemala, Pewou, Republik Dominikèn ak Venezuela (2017-2020).